# O`zbekistan awil ha`m suw xojalig`i ministrligi
# TashMAU No`kis filiali
# «Awil xojalig`inda menedjment ha`m zootexniya» fakul`teti

## «Logistika» pa’ninen prezentatsiya

Pa`n o`qitiwshisi: Tursinov A.

# 2-TEMA:
# Logistika teoriyasinin’ tiykarlari

# ***JOBA***

1. Logistik sistema kontseptsiyasinin’ teoriyali tiykarlari
2. Logistikanin’ sistemalari ha’m tu’rleri
3. Logistik sistemalardin’ o’zgeshelikleri ha’m bir-biri menen baylanislari
4. Logistik sistemalardin maseti

# 1. Logistik sistema kontseptsiyasinin’ teoriyali tiykarlari

Materialliq ag’imlar ha’reketi ta’jiriybeli islewshiler ta’repinen, tu’rli tu’rdegi texnika: transport qurallari, ju’klew-tu’siriw u’skeneleri ha’m basqalar ja’rdeminde a’melge asiriladi. Sonin’ menen birge, logistik protsesske tu’rli bina ha’m imaratlar ha’m tartiw etilgen boladi. Uliwma alg’anda, qandayda-bir materialliq ag’imlar bar bolsa, qandayda tovar o’tkeriwshi sistema ha’m bar boladi. A’dette, Bunday sistemalar arnawli proektlespesten, ayrim predmetlerdin’ (tu’rli ka’rxanalar yamasa olardin’ bo’limleri) xizmeti na’tiyjesinde ju’zege keledi.

# 2. Logistikanin' sistemalari ha'm tu'rleri

***logistik sistema*** –ol yamasa bul logistik funktsiyalardi orinlawshi, qarama-qarsi baylanisga iye bolg'an, sirtqi ortaliq sha'rayatlarina jaqsi maslasiwshi sistema. ol a'dette bir neshe sistemashalardan sho'lkemlesken, ha'm sirtqi ortaliq menen bekem baylanislarga iye boladi. Logistik sistema sipatinda sanaat ka'rxanasi, awil xojaliq ka'rxanasi, aymaqliq islep shig'ariw kompleksi, sawda ka'rxanasi ha'm basqalar ko'riwimiz mu'mkin.

# Logistik sistemani predmetlerge ajiratiwdi tu’rlishe a’melge asiriw mu’mkin.

1. Makroda’rejede materialliq ag’im bir ka’rxanadan ekinshisine o’tedi, ha’m predmet sipatinda bul ka’rxanalar, ha’mde olardi baylanistiriwshi qural sipatinda qaraliwi mu’mkin.

2. Mikroda’rejedegi logistik sistemani bolsa to’mendegi sistemashalar ko’rinisinde su’wretlew mu’mkin:

# Mikroda’rejedegi logistik sistemani bolsa to’mendegi sistemashalar ko’rinisinde su’wretlew mu’mkin:

Satip aliw – bul siste[illegible] logistik sistemag’a materialliq ag’imdi kirisiwin ta’miyinleydi.

Islep shig’ariwdi rejelestiriw ha’m basqariw – bul sistemasha bolsa satip aliw sistemashasinan materialliq ag’imdi qabil qilip aladi ha’m tu’rli texnologik operatsiyalardi orinlaw protsessinde oni basqapib turadi. A’sirese bul texnologik operatsiyalar miynet predmetin miynet o’nimine aylandiradi.

Realizatsiya (sawda) – bul sistemasha materialliq ag’imdi logistik sistemadan shig’ip ketiwin ta’miyinleydi.

# 3. Logistik sistemalardin’ o’zgeshelikleri ha’m bir-biri menen baylanislari

- ***Birinshi o’zgeshelik:*** sistema bul qandayda bir-biri menen baylanisli bolg’an predmetler jiyindisinin’ pu’tinligi.
- ***Ekinshi o’zgeshelik*** (baylanislar): Logistik sistema predmetleri arasinda za’ru’r baylanislar bar. Olar qandayda-bir nizamli za’ru’riyat menen integrativ ta’replerin ha’m belgileydi.
- ***U’shinshi o’zgeshelik*** (sho’lkemlestiriw): logistik sistema predmetleri arasindag’i baylanislar belgili ta’rizde ta’rtiplestirilgen boladi, bul bolsa logistik sistema sho’lkemlestirilgeninen belgi beredi.
- ***To’rtinshi o’zgeshelik*** (integrativ ta’repler): logistik sistema, onin’ qandayda-bir predmeti ha’m ayriqsha ra’wishte iye bolmag’an ta’replerge (o’zgesheliklerge) iye. bul za’ru’r bolg’an tovardi, za’ru’r waqitta, za’ru’r oring’a, lazim bolg’an sapada ha’m мinemal qa’rejetler menen jetkeriw qa’bileti, ha’mde sirtqi ortaliqtin’ o’zgeriwshen sha’rayatlarina (Talaptin’ o’zgeriwi, texnik qurallarnin’ isten shig’iwi ha’m h.) maslasiw qa’bileti.

# 4. Logistik sistemalardin maseti

- **Logistik sistemanin’ maqseti** – bul qa’rejetlerdin’ berilgen shegarasinda, tovar ha’m buyimlardi belgilengen oring’a, za’ru’r bolg’an mug’darda ha’m assortimentte, ha’mde mu’mkin bolg’an maksimal da’rejede islep shig’ariw ha’m jeke tutiniwga tayarlang’an halda jetkerip beriw.
- Logistik sistema shegaralari islep shig’ariw qurallarin aylanis tsikli menen belgilenedi. Aldin islep shig’ariw qurallari satip alinadi. Olar materialliq ag’im ko’rinisinde logistik sistemag’a kelip tu’sedi, saqlawxanag’a qoyiladi, qayta islenedi, saqlanadi, ha’m keyninen, logistik sistemag’a kelip tu’sken finansliq qa’rejetler esesine, logistik sistemadan tutiniwga shig’ip ketedi.